

**PIWULANG MORAL KEPEMIMPINAN WONTEN ING GINEM  
PAGELARAN RINGGIT PURWA LAMPAHAN GATOTKACA  
WINISUDA DENING KI ANOM SUROTO**

**Dening: Hefri Muharyanto  
10205241055**

**Sarining Panaliten**

Panaliten menika ngewrat kalih warni ancasing panaliten . Ancasing panaliten menika kangge : (1) ngandharaken wujud piwulang *moral kepemimpinan* wonten ing ginem pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* dening Ki Anom Suroto, (2) ngandharaken cak-cakanipun *relevansi* piwulang *moral kepemimpinan* wonten ing ginem pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* dening Ki Anom Suroto minangka piwulang tumrap masyarakat Jawi. Panaliten menika ngginakaken metode panaliten *analisis konten* saha *pendekatan sosiologi sastra*. Sumbering data menika *video* pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* ingkang cacahipun wonten wolung *video*. *Video* menika dipunpundhut saking *youtube* tanggal 11 Januari 2015. Cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken data wonten ing panaliten inggih menika teknik simak-catat. Piranti panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *tabel analisis data*. Cara *analisis data* panaliten inggih menika kanthi *Tahap* manggihaken perangan-perangan saking ginem pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* dening Ki Anom Suroto saengga pikantuk data bab *Piwulang Moral Kepemimpinan, tahap kategorisasi, tahap tabulasi, tahap pembahasan, saha inferensi. Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika validitas semantik. *Reliabilitas* ingkang dipunginakaken, inggih menika *reliabilitas intrarater* saha *interrater*. Asiling panaliten piwulang moral kepemimpinan wonten ing ginem pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* dening Ki Anom Suroto menika ngandharaken wujud piwulang moral kepemimpinan, inggih menika (1) emut dhateng Gusti Inkgang Maha Kuwaos (2) wicaksana (3) waspada, (4) prasaja (5) andhap asor (6) sabar (7) adil (8) tanpa pamrih (9) tanggel jawab (10) setya (11) *Inteligensi*, (12) kendel (13) bandel (14) ngayomi (15) tepa selira. Wujud piwulang moral kepemimpinan wonten ing ginem pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* taksih *relevan* minangka piwulang tumrap masyarakat Jawi.

**Pamijining tembung** : Piwulang moral kepemimpinan, ginem lampahan *Gatotkaca Winisuda*

## Abstract

This research contains two research goals. The purpose of this study, the first to conveying moral education leadership in the *ginem* puppet show story of *Gatotkaca Winisuda* by Ki Anom Suroto. The second is convey the relevance of the use of moral education leadership in the *ginem* puppet show story of *Gatotkaca Winisuda* by Ki Anom Suroto as education to the Java community. This study uses content analysis method and *pendekatan sosiologi sastra*. Source of research data from video puppet show story of *Gatotkaca Winisuda* by Ki Anom Suroto. This video downloaded from Youtube on January 11, 2015. Method which is used for collecting data in this research is the technique see note . Research tools used tables of data analysis. How to analyze survey data was discovered by phase parts of *ginem* puppet show story of *Gatotkaca Winisuda* by Ki Anom Suroto so obtained data about the education of Moral Leadership. level categorization , tabulation stage , the stage of discussion , and inference . Validity is used semantic validity . Reliability used reliability intrarater and interrater . Research result of moral education leadership in the *ginem* puppet show story of *Gatotkaca Winisuda* by Ki Anom Suroto such as (1) remember to god almighty (2) prudential (3) watchful (4) simple has authority (5) humble (6) patient (7) fair (8) *tanpa pamrih* (9) have responsible (10) loyal (11) Intelligence (12) dare to be honest (13) recalcitrant consists of *mantep* and *teteg* (14) protect (15) sympathy. A form of moral education leadership in the *ginem* puppet show story of *Gatotkaca Winisuda* by Ki Anom Suroto still relevant as moral education for Java Community.

**Keywords :** Moral education leadership, *ginem* story of *Gatotkaca Winisuda*

## A. PURWAKA

Risakipun tatanan negari saha moral bangsa ing *Orde Reformasi* amargi kathahipun *konflik* suku bangsa, *kriminalitas*, *korupsi* saha *konflik politik* ingkang mrihatosaken. Pancasila minangka ideologi saha dhasar negari Indonesia tansaya ical saking jagad politik Indonesia . Pramila generasi penerus ingkang dados pemimpin bangsa, mental saha moralipun kedah dipunasah kaliyan piwulang moral saha jiwa *Kepemimpinan* satemah kapribadenipun langkung tatag saha tanggon kaliyan tantangan jaman ing

wekdal menika amargi pangarsa menika seniman strategi ingkang kedah tanggap kaliyan kawontenan.

Salah satunggaling cara kangge nglestantunaken piwulang moral saged dipuntindakaken kanthi sarana kesenian ingkang ngginakaken sarana pagelaran ringgit purwa. Wonten salebeting pagelaran ringgit purwa boten namung nggadhahi kawruh sastra mawon amargi pagelaran ringgit purwa saged dipungginakaken kangge sarana piwulang.

Lampahan *Gatotkaca Winisuda* dados salah satunggaling

sarana wigatos kangge ngandharaken pawartos saha piwulang moral. Gayutanipun kaliyan piwulang moral *Kepemimpinan* lampahan *Gatotkaca Winisuda* dening Ki Anom Suroto saged dipundadosaken objek panaliten andhedhasar bilih lampahan *Gatotkaca Winisuda* menika lampahan ingkang ngewrat kathah piwulang luhur mliginipun piwulang kepemimpinan.

Kanthi ningali andharan wonten ing inggil menika, saged kapanggihaken ancasing panaliten kados ing ngandhap menika.

1. Ngandharaken wujud piwulang *moral kepemimpinan* wonten ing ginem pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* dening Ki Anom Suroto.
2. Ngandharaken cak-cakanipun *relevansi piwulang moral kepemimpinan* wonten ing ginem pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* dening Ki Anom Suroto minangka piwulang tumrap masyarakat Jawi.

## B. GEGARAN TEORI

Wonten ing *Baoesastra Djawatembung piwoelang* nggadahi teges inggih menika ajaran utawi pitutur (Poerwadarminta, 1939: 495). Lajeng moral inggih menika nilai-nilai wonten ing salebetipun paugeran utawi norma-norma minangka ukuran kangge kesaenan (Hadiatmaja, 2011: 9). Teguh Sutanto (2013: 19) ugi ngandharaken bilih moral menika minangka adat istiadatipun tiyang gesang anggenipun nindakaken kabecikan saha boten nindakaken samukawis ingkang awon. Saking

pamanggihipun Purwadi (2009: 5) menika ugi sami ngandharaken bilih piwulang moral inggih menika piwulang ingkang wonten gayutanipun kaliyan solah bawa ingkang sejatosipun dados cermin aklhak saha budi pekerti.

Saking pangertosan piwulang moral wonten ing nginggil, saged dipunpendhet dudutanipun bilih piwulang moral inggih menika piwulang pagesangan ingkang ngandharaken tindak-tanduk ingkang sae saha gadhah nilai moral wonten ing donya supados gesangipun manungsa dados ayem tentrem tumuju arah ingkang langkung prayoga.

Gayut kaliyan piwulang moral *Kepemimpinan* Suwardi Endraswara wonten bukunipun inggih menika *Falsafah Kepemimpinan Jawangandharaken sipat Kepemimpinan* jawa kados mekaten.

- 1) *Kepemimpinan* Prasaja saha Manjing Ajur ajer

Pangarsa ingkang nggadahi keteguhan *Kepemimpinan* prasaja dipunajib boten damel sengsara kawulanipun. Kejawi sipat prasaja tanpa neka-neka, pangarsa menika kedah nggadahi sipat ajur-ajer tegesipun pangarsa menika saged dados rakyat inggih menika manunggal kaliyan kawulanipun.

- 2) *Kepemimpinan* tepa selira

Tepa selira dipuntindakaken adhedhsar ukurunipun dhiri pribadi. Satemah menawi dipunpilara menawi ngraosaken sakit, kedahipun menika boten daksia dhateng tiyang sanes.

- 3) *Kepemimpinan* tanpa pamrih

Tanpa pamrih menika nedahaken bilih pangarsa menika

boten ngutamakaken kabetahanipun piyambak saha andhahanipun.

Kejawi andharan wonten ing inggil Suwardi Endraswara (2013: 63) ugi ngandharaken bilih pangarsa ingkang sae menika kedah gadhah gangsal welas sipat ingkang kawrat wonten ing sipatipun Patih Gadjah Mada. Adhedhasar Serat Negarakertagama, gangsal welas sipat menika ; Wignya, Mantriwira, Wicaksaneng naya, Matanggwan, Satyabhakti aprabhū, Wagmi wak, Sardjajawopasama, Dhirotsaha, Tan lalana, Diwyacitta, Tan satrisna, Sih samasta bhuwana, Ginong pratidina, Sumantri, Anayaken musuh, Wonten malih pamanggih ngengingi *ajaran Kepemimpinan* inggih menika Falsafah Jawi dening Mangkunegoro IV, lumantar Eko Marsudi kaca 137-138 ngandharaken bilih sipat-sipat ingkang kedah dipungadhahi dening pangarsa antawisipun kados mekaten. *Heneng, hening, Heling, Waspada / Hawas, Aja mung rumangsa bisa, nanging sing bisa rumangsa.*

Salajengipun miturut Ki Hadjar Dewantara lumantar Sunindhia, S.H saha Dra. Ninik Widiyanti wonten ing *Kepemimpinan dalam masyarakat Modern* kaca 69 . Pangarsa menika kedah nggadhahi sipat-sipat kados ing ngandhap menika.

- 1) Tetep, teteg, antep saha mantep
- a) Tetep inggih menika gadhah pamanggih ingkang tetep utawi boten gampang ewah pamanggihipun.
- b) Teteg inggih menika boten gampang kenagodaan menapa kemawon. Godaan ingkang

asring njlomprongaken tiyang inggih menika, bandha, tahta saha wanita.

- c) Antep inggih menika gadhah kawruh ingkang kathah. Saben pangarsa kedah sinau bab menapa kemawon, kangge sangu bebrayan.
- d) Mantep inggih menika yakin kaliyan ingkang dipuntindakaken menika sae.
- 2) Ngandel, kendel, kandel, saha bandel
- a) Ngandel inggih menika pitados dhateng Gusti Inggang Maha Kuwaos utawi nggadhahi iman.
- b) Kendel inggih menika nggadhahi tanggel jawab saha wantun anggenipun mutusaken.
- c) Kandel inggih menika kiyat, tabah saha ngadhahi kathah kawruh satemah saged anggenipun ngadhapi perkawis.
- d) Bandel inggih menika tawakal, percaya dhiri, boten gampang pedhot sedyanipun. Tabah ngadhapi godaan menapa kemawon.

Hazim Amir (1991: 16) ngandharaken bilih pagelaran ringgit purwa bentuk karya seni ingkang saged dipunginakaken minangka sumber kangge manggihaken nilai-nilai, amargi wonten ing salebetipun pagelaran ringgit purwa wonten maneka warna piwulang saha nilai etis ingkang sumberipun saking maneka warna agami sarta sistem filsafat saha etika.

Ir. Sri Mulyono wonten bukunipun *Simbolisme dan Mistikisme dalam Wayang* (1989: 51) ngandharaken bilih *wayang* utawi

hamayang inggih menika nyajekaken wewayangan ingkang dados pagelaran ayang-ayang ingkang dados seni pagelaran ayang-ayang utawi pagelaran ringgit utawi *wayang*. Pagelaran wewayangan salah satunggal saking pamujan leluhur awit saking menika sang dalang dados pendeta nalika upacara pamujan ingkang ngandharaken pitutur saking leluhur saha kangge *komunikasi* kaliyan roh-roh leluhur ananging wonten ing jaman samenika sampun ewah dados tontonan pagelaran seni ingkang ngandharaken kawontenan saha *konflik* pagesangan ingkang dipunadharaken kanthi awujud lampahan utawi cariyos. Gayut kalihan lampahan utawi *lakon* cariyos minangka representasi pagelaran ringgit purwa saha nggandhahi makna filosofis inggih menika minangka gambaran tiyang gesang. *Lakon* (cariyos ringgit purwa) menika saking tembung laku inggih menika gambaran perkawis pagesangan tiyang gesang wonten ing saben dintenipun. Awit saking menika lampahan ingkang dipunandharaken minangka salah satunggal bab ingkang wigatos wonten ing pagelaran ringgit purwa (Sastroamidjojo, 1964: 89).

Nanang Hape S, Snsaha kadang-kadang (2010: 31) ngandharaken bilih pagelaran ringgit purwa nggadahi tigang unsur inggih menika catur, sabetan saha karawitan minangka sarana kangge ngandharaken nilai pagelaran ringgit purwa, andharanipun kados mekaten.

Adhedhasar panganggenipun wonten ing pagelaran ringgit purwa, catur saged dipunperang dados tigang

perangan inggih menika kados mekaten:

- 1) Janturan inggih menika ngandharaken cariyos ngangge basa prosa utawi gancaran dhalang kangge nyariyosaken utawi nggambaraken kawontenan negari, papan pratapan, watakipun paraga wayang, saha perkawis ingkang wonten nagari saha paraga wayang. Janturan menika dipunandharaken ngginakaken iringan gamelan.
- 2) Pocapan, pocapan sami kaliyan janturan ananging pocapan menika anggenipun ngandharaken boten ngginakaken iringan gamelan, namung ngginakaken iringan dhodhogan cempala.
- 3) Ginem utawi antawecana inggih menika caturan wayang wonten ing salebetipun adhegan. Penggarapan catur mliginipun inggih menika ginem minangka sarana kangge ngandharaken amanat pagelaran ringgit purwa ingkang awujud *dialog* menapa dene *monolog*.

Adhedhasar mapinten-pinten pamanggih wonten ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih pagelaran ringgit purwa minangka karya sastra ingkang adi luhung. Unsur-unsur pagelaran ringgit purwa ingkang ngewrat sastra inggih menika lampahan (cariyos ringgit purwa) saha catur ringgit purwa. Wonten panaliten menika catur mliginipun ginem wonten ing pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatokaca Winisuda* ingkang dipundadosaken objek panaliten.

Karya sastra kanthi konsep *cermin* menika ugi salah satunggal

kajian *sosiologi sastra* ingkang ancasipun menika kangge mahami dhateng perkawis wonten ing masyarakat ingkang gayutanipun karya *sastra* kaliyan kawontenan masyarakat (Suwardi,2012:149).

Pamanggih Suwardi wonten ing inggil menika ugi sami kaliyan pamanggihipun Damono (1979: 4) ingkang ngutip saking pamanggihipun Watt ingkang ngandharaken bilih *sosiologi karya sastra* nindakaken pengkajian sastra minangka cermin sosial masyarakat. Menapa ingkang sinamun wonten ing karya sastra nggambaraken realitas wonten ing masyarakat.

Gayut kaliyan panaliten Piwulang Moral Kepemimpinan wonten ing Ginem pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* dening Ki Anom menika badhe ngandharaken piwulang moral kepemimpinan wonten ing Ginem lampahan *Gatotkaca Winisuda* ingkang dipunjumbuhaken kaliyan realitas sosial wonten ing masyarakat. Kejawi saking menika pagelaran ringgit purwa kados lampahan *Gatotkaca Winisuda* ingkang dipunsajekaken dening Ki Anom Suroto minangka wosing kabudayan masyarakat Jawi ingkang ancasipun tiyang gesang saged dipunpanggihaken wonten ing cariyos utawi lampahan sarta watak paraga-paraga ringgit Purwa. Kanthi filosofis wayang inggih menika *pencerminan karakter manusia*, tindak-tanduk saha realitas pagesanganipun. Awit saking menika piwulang-piwulang moral kepemimpinan wonten ing ginem pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* dipunjabrelekan

minangka piwulang moral saha pandom wonten ing masyarakat inggih menika wonten ing jaman samenika.

### C. CARA PANALITEN

Metode ingkang dipunginakaken wonten panaliten inggih menika metode analisis konten saha panaliten *sosiologi sastra*. Darmayati-Zuchdi (1993: 20) wonten ing bukunipun inggih menika *Panduan Penelitian Analisis Konten* ngandharaken bilih ancasipun saking metode analisis konten inggih menika damel *inferensi* utawi dudutan ingkang obyekipun samukawis ingkang badhe dipunpanggihaken dening panaliti. Menapa dene Suwardi Endraswara (2004: 77) wonten ing bukunipun inggih menika *Metodologi Penelitian Sastra* ngandharaken bilih salah satunggal ancasipun panaliten *pendekatansosiologi sastra* inggih menika ngginakaken *obyek pendekatan sosiologi sastra* ingkang dados obyekipun inggih menika karya sastra minangka *cermin* masyarakat ingkang saged dipunjumbuhaken kaliyan kawontenan ing masyarakat. Endraswara (2004: 61) ugi ngandharaken bilih metode analisis konten inggih menika cara kangge manggihaken amanat karya sastra. Sumbering data menika *video* pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* ingkang cacahipun wonten wolung *video*. *Video* menika dipunpundhut saking *youtube* tanggal 11 Januari 2015. Cara ingkang dipunginakaken kangge ngempalaken data wonten ing panaliten inggih menika teknik

simak-catat. Piranti panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *tabel analisis data*. Cara *analisis data* panaliten inggih menika kanthi *Tahap manggihaken* perangan-perangan saking ginem pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* dening Ki Anom Suroto saengga pikantuk data bab *Piwulang Moral Kepemimpinan, tahap kategorisasi, tahap tabulasi, tahap pembahasan, saha inferensi. Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas semantik. Reliabilitas* ingkang dipunginakaken, inggih menika *reliabilitas intrarater saha interrater*.

#### D. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

Panaliten menika ngrembag wujud piwulang moral, saking wujud menika lajeng dipunjumbuhaken kaliyan kawontenan ing masyarakat. Tuladha wujud piwulang moral saha *relevansi* piwulang moral saged dipuntingali kados menika.

##### 1. Wujud piwulang moral *Kepemimpinan* wonten ing ginem pagelaran ringgit purwa lampahan *Gatotkaca Winisuda* dening Ki Anom Suroto.

###### a. Emut Dhateng Gusti Inggang Maha Kuwaos

Piwulang moral *Kepemimpinan* sipat emut dhateng Gusti Inggang Maha Kuwaos mliginipun manembah dhateng Gusti Inggang Maha wonten ing salebetipun transkripsi ginem lampahan *Gatotkaca Winisuda* ingkang dipunandharaken saking pethikan ginem ing ngandhap menika.

*“Laku utama kang telu cacache iku dadi kode etik kebeh satriya bhayangkara sanuswantara ing saben bratane mengku kewajiban kang katindakake kanthi wutuh ora gothang, amarga satriya bhayangkara kang darbe watak Rastra Sewakotama kudu labuh nusa bangsa kanthi lelandhesan taqwa marang Gusti Kang Hamurbeng Jagad.”* ( *Gatotkaca Winisuda, kaca 18*)

Tegesipun satriya bhayangkara ingkang gadhah watak Rastra Sewakotama menika kedah ngabdi dhateng nagari kanthi adhedhasar taqwa dhateng Gusti Inggang Maha Esa. Dados ginem kasebat nedahaken bilih pangarsa menika kedah manembah dhateng Gusti Inggang Maha Kuwaos.

###### b. Wicaksana

Piwulang moral *Kepemimpinan* sipat wicaksana mliginipun ngutamakaken musyawarah, dipunedahaken ing salebetipun transkripsi ginem lampahan *Gatotkaca Winisuda* ingkang dipunandharaken saking pinten-pinten pethikan ginem ing ngandhap menika.

*“Inggang kaping papat, gelem ngajeni marang panemuning liyan sarta menggalih panemu mau kanthi linambaran saresehan murih kasembadan urip bebrayan tanpa ninggal reh kawicaksanan.”* ( *Gatotkaca Winisuda, kaca 52*)

Saking ginem kasebat nedahaken pangarsa ingkang wicaksana inggih menika pangarsa ingkang saged ngormati pamanggihipun tiyang sanes saha

remen musyawarah anggenipun wonten perkawis menika dipunrembag kanthi cara musyawarah wonten ing bebrayan ageng.

### c. Waspada

Piwulang moral *Kepemimpinan* sipat waspada ingkang dipuntedahaken ing salebetipun transkripsi ginem lampahan Gatotkaca Winisuda mliginipun ngati-ati dipunandharaken saking pinten-pinten pethikan ginem ing ngandhap menika.

*“Kaping sanga kulup, ora gampang mercaya jare kandha ingkang tanpa panaliten, awit kang kulina golek pangalembana sok lirwa malah kepara mentala mitnah marang kanca kanthi lapor bab sing ora nyata.”*  
(Gatotkaca Winisuda, kaca 52)

Saking ginem kasebat nedahaken bilih pangarsa menika waspada anggenipun narima palaporan saking andhahanipun, boten gampil pitados palaporan ingkang boten wonten buktinipun inggih menika bukti ingkang cetha. Awit saking menika pangarsa kedah waspada sarwa ngati-ati anggenipun nampi palaporan. Amargi kathah andhahan ingkang paring palaporan ingkang boten sami kaliyan kasunyatanipun kanthi pitnah damel tuna tiyang sanes supados pikantuk pangalembana saking pangarsanipun

### d. Prasaja

Piwulang moral *Kepemimpinan* sipat prasaja ingkang dipuntedahaken ing salebetipun transkripsi ginem lampahan Gatotkaca Winisuda mliginipun gadhah wibawa dipunandharaken

saking pethikan ginem ing ngandhap menika.

*“Geneping ingkang kaping lima ya kang wekasan yaiku wujud lintang kemukus lire mweh daya geter kang padha mulat lan asung sasmitha lamun jumeduling mbarengi ana perkara kang wigati. Samono uga jejerling pamong kaya kakang Antareja iku kudu nduweni watak kaya lintang kemukus lire pamong kudu nduweni wibawa lan pangaribawa,”*  
(Gatotkaca Winisuda, kaca 3)

Saking pethikan ginem kasebat nedahaken bilih Raden Antareja minangka pamong utawi pangarsa Kadipaten Jangkarbumi kedah nggadhahi sipat prasaja mliginipun gadhah wibawa saha pangaribawa.

### e. Andhap Asor

Piwulang moral *Kepemimpinan* sipat wicaksana ingkang dipuntedahaken ing salebetipun transkripsi ginem lampahan Gatotkaca Winisuda mliginipun nyuwun pangapunten dipunandharaken saking pethikan ginem ing ngandhap menika.

**Raden Antareja :**

*Uwa Prabu!*

**Prabu Puntadewa :**

*Antareja apa?*

**Raden Antareja :**

*Mawantu-wantu kula nyuwun pangapunten dhateng reh kalepatan kula uwa Prabu. Ngantos engetane purwa duk sirna, rumaos bagya mulya manah kula dene kadang kula sampun kalampahan kabirantu dados narendra ing Pringgandani. Kula ndherek*



*nekseni, ingkang menika mug i jagad  
nekseni wak Prabu ngantos  
tuntasing rahku, ingkang  
wekasaning kula badhe sabiyantu  
dhateng kadang kula ing  
Pringgandani uwak Prabu.*

**Prabu Puntadewa :**

*Syukur bage sewu.*

*(Gatatkaca Winisuda, kaca 66)*

Indikator ing inggil menika wujudipun piwulang moral *Kepemimpinan* sipat andhap asor mliginipun nyuwun pangapunten. Pangarsa ingkang sampun nindakaken kalepatan dhateng andhahanipun menika langkung sae nyuwun pangapunten kosok wangsulipun andhahan ingkang sampun nindakaken kalepatan menika ugi kedah nyuwun pangapunten supados boten nuwuhaken perkawis ingkang panjang. Pangarsa utawi satriya bangsa ingkang wantun nyuwun panganipun nalika nindakaken kalepatan menika pangarsa ingkang nggadahi sipat andhap asor ingkang pantes dipundadosaken patuladhan tumrap para andhahanipun.

#### **f. Sabar**

Pethikan ginem ingkang wonten gayutanipun piwulang moral *Kepemimpinan* sipat sabar mliginipun prihatos ugi kaandharaken malih wonten ginem transkripsi Gatatkaca Winisuda kaca 52, ginemanipun kados mekaten :

*“Inkang kaping rolas njuk  
wekasan ngger Gatatkaca,  
kulinakna ngunjara nepsu ingkang  
kurang prayoga, senenga tapa  
demen prihatin lan ngedohi marang  
watak dursila ya ngger Tetuka. “*  
*(Gatatkaca Winisuda, kaca 52)*

Saking ajaranipun Manumayasa, Resi Guritna ngandharaken bilih pangarsa ingkang sejati menika saged meper hawa nepsu ingkang dipuntindakaken kanthi laku utawi tapa sarta nebihi tindak-tanduk angkara murka. Ancasipun supados pangarsa menika saged langkung caket kaliyan Gusti , satemah pangarsa menika saged mangertosi pitedah-pitedah saking Gusti Inggang Maha Kuwaos supados tebih saking tindak-tanduk dursila.

## **2. Wujud cak-cakanipun piwulang moral Kepemimpinan wonten ing ginem pagelaran ringgit purwa lampahan Gatatkaca Winisuda dening Ki Anom Suroto relevan minangka piwulang tumrap masyarakat.**

### **a. Emut dhateng Gusti Inggang Maha Kuwaos relevan minangka piwulang moral tumrap calon legeslatif ingkang boten manambah saha pitados kaliyan garising Gusti Inggang Maha Kuwaos**

Gayut kaliyan piwulang moral *kepemimpinan* ingkang sampun dipunrembag inggih menika piwulang moral *kepemimpinan* sipat emut dhateng Gusti Inggang Maha Kuwaos. Wonten ing ngandhap menika wonten *fenomena sosial* inggih menika ngengingi bab kawontenan pangarsa ingkang boten emut dhateng Gusti Inggang Maha Kuwaos Andharanipun kados pethikan warta ing ngandhap menika.

*Salah satu paranormal di Solo mengaku sering didatangi oleh calon legislatif untuk didoakan*

agar menang dalam pileg. Beberapa caleg pun diminta melakukan ritual berpuasa tepat pada hari kelahirannya. Mbah Bowo, panggilan praktisi supranatural asal Solo tersebut, mengaku mengenal beberapa pejabat baik di wilayah Solo dan sekitarnya atau di Jakarta. (*Swara Harian Semarang dening Tonitok. Senin 7 April 2014. 16.04*)

Prayoginipun para calon legeslatif menika emut bilih piyambakipun minangka insan utawi makhluk Gusti Inkgang Maha Kuwaos manambah nyuwun ridho utawi pangestu dhateng Gusti Inkgang Maha Kuwaos supados wonten ing pemilihan calon legeslatif menika dipunparingi kasil, dipunridhoi dipunberkahi supados kawontenan menang utawi kawon menika sampun dipungariskan dening Gusti Inkgang Maha Kuwaos tiyang gesang menika namung narima inkgang sampun dipungarisaken dening Gusti Inkgang Akarya jagad menika tiyang gesang menika nindakaken kesaenan mug-mugi Gusti Allah paring rahmat. Gayut kaliyan cak-cakipun *relevansi* piwulang moral *kepemimpinan* sipat emut dhateng Gusti Inkgang Maha Kuwaos menika wonten pethikan ginem wonten ing transkripsi *Gatokaca Winisuda* inkgang *relevan* minangka piwulang tumprap *fenomena calon legeslatif* nalika pamilihan *calon legeslatif* 9 April 2014 ngginakaken dhukun utawi *paranormal* kaandharaken kados pethikan ginem ing ngandhap menika.

“Aku banjur kelingan sabdane guruku swargi Manumayasa, sapa inkgang kepengin dadi pamong utawa narendrakudu bisa ngenggoni marang pepakeming Ratu utawa pepakeming pamong. **Inkgang sepisan, sipating Ratu kudu teguh marang agamane linambaran iman sarta ngugemi kitab suci mangka pituduh nggone ngasta panguwasaning praja.**” (*Gatokaca Winisuda, kaca 51*)

Wonten ing inggil menika wujud cak-cakanipun *relevansi* piwulang moral kepemimpinan emut dhateng Gusti Inkgang Maha Kuwaos. Saking andharan wonten ing inggil menika ugi nedahaken bilih piwulang moral *kepemimpinan* emut dhateng Gusti Inkgang Maha Kuwaos menika *relevan* minangka piwulang tumprap para calon legeslatif utawi wakil-wakilipun rakyat dipunjab tindak-tandukipun menika tansah emut dhateng Gusti Inkgang Maha Kuwaos kanthi nenuwun ridho dhateng Gusti saha Pitados kaliyan garising Gusti Inkgang Maha Kuwaos supados manggihaken pagesangan inkgang ayem wonten ing masyarakat.

**b) Nengenaken musyawarah relevan minangka piwulang tumprap anggota LSM Banyuwangi inkgang damel risaking kawontenan pakempalan wonten ing kantor KPU Banyuwangi.**

Wonten ing ngandhap menika wonten *fenomena sosial* inggih menika ngengingi bab pangarsa

ingkang boten ngutamakaken musywarah anggenipun bebrayan wonten ingpangesangan ingkang badhe kajumbuhaken kaliyan piwulang moral kepemimpinan sipat wicaksana mliginipun ngutamakaken musyawarah. Andharanipun kados pethikan warta ing ngandhap menika.

*Proses audiensi antara lintas LSM dengan komisioner KPU Jumat 14 Agustus 2015 berakhir ricuh. Hal tersebut dipicu adu argumentasi yang diakhiri dengan aksi penyerangan oleh salah satu anggota LSM terhadap ketua KPU Banyuwangi Syamsul Arifin dengan menendang meja. (Streaming Breaking News RRI Jember 14 Agustus 2015 21:59 /Radio)*

Awit kawontenan menika pangarsa, andhahan utawi kawula praja menika kedah sadar bilih perkawis menika kedah dipunpungkasi kanthi musyawarah mufakat saha kanthi kawontenan ingkang *kondusif* ampun ngutamakaken emosi saha boten nilaraken sipat wicaksana. Salah satunggaling ajaran Resi Manumayasa inggih menika pangarsa utawi ratu kedah ngormati pamanggihipun tiyang sanes kanti mengalihaken pamanggih menika sarana saresehan utawi musyawarah, andharan menika katitik saking pethikan ginem kados ing ngandhap menika.

***“Inkang kaping papat, gelem ngajeni marang panemuning liyan sarta mengalih panemu mau kanthi linambaran saresehan murih kasembadan***

***urip bebrayan tanpa ninggal reh kawicaksanan.”*** (Gatotkaca Winisuda kaca 52)

Saking andharan wonten ing inggil menika nedahaken bilih nengenaken musywarah menika relevan minangka piwulang tumrap pangarsa ingkang boten ngormati dhateng musywarah utawi kawonten nalika nindakaken musyawarah. Pangarsa ingkang wicaksana dipunajib menawi wonten perkawis menika kedah dipunrembag kanthi cara musyawarah saha anggenipun musyawarah menika kedah ngormati pamanggihipun tiyang sanes.

**c) Paring wewarah relevan minangka piwulang tumrap kades ingkang boten paring tuladha ingkang sae dhateng andhahanipun**

Wonten ing ngandhap menika wonten *fenomena sosial* inggih menika ngengingi bab pangarsa dereng saged paring wewarah dhateng andhahanipun anggenipun mimpin para andhahanipun, andharan menika badhe kajumbuhaken kaliyan piwulang moral kepemimpinan sipat wicaksana mliginipun paring wewarah. Andharanipun kados pethikan warta ing ngandhap menika.

*Ratusan warga Desa Karangjati, Kecamatan Wiradesa, Kabupaten Pekalongan, Jumat 24 April 2015 siang menggeruduk balai desa setempat. Warga meminta Kades bersama perangkat desa setempat mundur dari jabatannya. Aksi itu dilakukan warga lantaran mereka menilai Kades setempat M. Imron Asani beserta perangkat desanya tidak transparan terhadap*

*pemotongan dana PSKS yang dibagikan kepada warga.*

Gayut kaliyan relevansi piwulang moral kepemimpinan sipat wicaksana mliginipun paring wewarah, kaandharaken kados pethikan ginem ing ngandhap menika. *“Sipating pamong nuladha kaya patraping kartika, yaiku sepisan kayadene lintang Bimasekti lire tansah ajeg metu ing wanci bengi sarta dadi pepasrening swasana. Sakmono uga jejeriing pamong bisaa kaya pepasren lire tansah gawe senenging ingkang padha dimong kanthi njejegkake bebener, nuduhake ingkang padha kleru sarta nututi kang padha tumindak nistha kareben aja nganti dibaleni. Kuwi watak lintang Bimasekti.”* (Gatotkaca Winisuda, kaca 2)

Saking fenomena ingkang dipunadharaken wonten ing inggil menika nedahaken bilih piwulang moral kepemimpinan sipat wicaksana mliginipun paring wewarah menika taksih jumbuh kaliyan kawontenan ing wekdal menika ngengingi taksih wontenipun tindak-tanduk pangarsa ingkang paring pangayoman saha wewarah ingkang saes dhateng andhahan saha kawulanipun.

#### **E. DUDUTAN**

Adhedhasar asiling panaliten saha piremangan sampun dipunandharaken wonten ing bab IV, awit saking menika saged dipunpendhet dudutanipun bilih wonten ing ginem pagelaran ringgit purwa lampahan Gatotkaca Winisuda dening Ki Anom Suroto ngwerat piwulang moral

kepemimpinann saha taksih relevan kangge kawontenan ing wekdal menika mliginipun masyarakat Jawi.

1. Wujud piwulang moral kepemimpinan wonten ing pagelaran ringgit purwa lampahan Gatotkaca Winisuda dening Ki Anom Suroto, kaandharaken kados mekaten:

- 1) Emut dhateng Gusti Inggang Maha Kuwaos antawisipun manambah dhateng Gusti Inggang Maha Kuwaos saha pitados kaliyan garising Gusti Inggang Maha Kuwaos
- 2) Wicaksana antawisipun ngutamakaken musyawarah saha paring wewarah
- 3) Waspada inggih menika ngati-ati
- 4) Prasaja inggih menika nggadhahi wibawa
- 5) Andhap asor antawisipun nyuwun pangapunten saha gadhah sopan santun
- 6) Sabar antawisipun boten grusa-grusu, prihatos saha boten gampang duka
- 7) Adil antawisipun boten pilih sih, boten daksia, mbela tumindak ingkang becik, saha boten waton tumindak ananging tumindakipun menika mawi waton
- 8) Sepi ing pamrih antawisipun ngutamakaken kabetahan kawulanipun saha ikhlas
- 9) Tanggeljawab inggih menika nggadhahi raos tanggeljawab
- 10) Setya antawisipun setya dhateng janji saha setya dhateng Ratu
- 11) *Inteligensi* inggih menika nggadhahi kawaskitan
- 12) Kendel antawisipun wantun tindak jujur

- 13) Bandel antawisipun nggadhahi raos manten saha nggadhahi raos teteg
  - 14) Ngayomi antawisipun mujudaken tentrem, ngormati wanita saha ajur ajer.
  - 15) Tega selira inggih menika perduli dhateng andhahan utawi kawulanipun.
2. *Relevansi* piwulang moral kepemimpinan wonten ing ginem pagelaran ringgit purwa lampahan Gatotkaca Winisuda dening Ki Anom Suroto ingkang taksih jumbuh minang piwulang tumprap masyarakat Jawi wonten ing pagesangan menika, kaandharaken kados mekaten:
- 1) Emut dhateng Gusti Inkgang Maha Kuwaos *relevan* minangka piwulang moral tumprap calong legeslatif ingkang boten manambah saha pitados kaliyan garising Gusti Inkgang Maha Kuwaos
  - 2) Nengenaken musyawarah *relevan* minangka piwulang tumprap anggota LSM Banyuwangi ingkang damel risaking kawontenan pakempalan wonten ing kantor KPU Banyuwangi.
  - 3) Paring wewarah *relevan* minangk piwulang tumprap kades ingkang boten paring tuladha ingkang sae dhateng andhahanipun
  - 4) Waspada *relevan* minangka piwulang tumprap BUMN ingkang kirang awas dhateng andhahan ingkang nindakaken korupsi saha *relevan* tumprap pejabat dinas ingkang boten ngatos-ngatos dhateng dana Rancangan Anggaran Belanja
  - 5) Nggadhahi wibawa *relevan* minangka piwulang tumprap anggota DPRD kapanggihaken madad
  - 6) Nyuwun pangapunten *relevan* minangka piwulang tumprap kepala desa ingkang maido dhateng LSM Kumpulan Anak Jalanan Banyuwangi
  - 7) Gadhah sopan santun *relevan* minangka piwulang tumprap gubernur Jawa Tengah Bibit Waluyo ingkang maoni dhateng Bupati Klaten Bapak Narno
  - 8) Boten grusa-grusu *relevan* minangka piwulang tumprap ingkang nenuwun dhateng pambiyantu dhateng paranormal supados menang dados anggota legeslatif.
  - 9) Prihatos *relevan* minangka piwulang tumprap tindak-tanduk kades Sidumulyo Mojokerto ingkang ngginakaken dana pengaspalan jalan desa kangge kabetahanipun piyambak.
  - 10) Boten gampang duka *relevan* minangka piwulang tumprap ketua DPC PDIP ingkang boten saged meper amarahipun
  - 11) Boten pilih sih *relevan* minangka piwulang tumprap polisi lalu lintas ingkang nganak mas dhateng *peserta konvoi Motor Gedhe*.
  - 12) Boten daksia *relevan* minangka piwulang tumprap anggota polisi ingkang midana tiyang kanthi cara ingkang boten manusiawi saha *relevan* tumprap tindak-tanduk guru ingkang paring pidana dhateng muridipun kanthi cara ingkang boten mendidik.

- 13) Mbela tindak-tanduk ingkang becik *relevan* minangka piwulang tumprap mantan kapolsek Tuban ingkang ngicalaken barang bukti pelaku
- 14) Boten *waton tumindak nanging tumindakipun mawa watonrelevan* minangka piwulang tumprap hakim ingkang mutusaken perkawis boten ngginakaken bukti ingkang nyata
- 15) Nengenaken kabetahan masyarakat *relevan* minangka piwulang tumprap kepala puskesmas ingkang boten ngawigatosaken wangunan Puskesmas ingkang rusak saha *relevan* minangka piwulang tumprap pejabat ingkang ngorupsi dana rehab peken
- 16) Tanpa pamrih *relevan* minangka piwulang tumprap kepala desa saha andhahan ingkang narik sumbangan saking warga
- 17) Ngadhahi raos tanggungjawab *relevan* minangka piwulang tumprap pegawai RSUD Gunung Kidul ingkang nelantaraken warga badhe nyuwun husada saha *relevan* minangka piwulang tumprap anggota DPRD ingkang manggkir saking Rapat Paripurna ing Klaten.
- 18) Setya dhateng janji *relevan* minangka piwulang tumprap Bupati Sukaharjo ingkang cidra dhateng janji boten sios paring bebas biaya kios dhateng para pedagang ing peken *Ir Soekarno Sukaharjo*
- 19) Setya bakti dhateng ratu *relevan* minangka piwulang tumprap Wisnu *Ketua DPRD Surabaya* ingkang maoni dhateng Wali Kota Surabaya *Tri Rismaharini*
- 20) Gadhah kawaskitan *relevan* minangka piwulang tumprap anggota polisi ingkang lepat anggenipun nangkep tiyang
- 21) Jujur *relevan* minangka piwulang tumprap kawontenan kades saha andhahanipun ingkang boten *transparan* ngengingi dipunkirangipun dana PSKS masyarakat
- 22) Nggadhahi raos mantep *relevan* minangka piwulang tumprap calon legeslatif ingkang boten pitados kaliyan dhirinipun piyambak lajeng nyuwun pambiyantu paranormal
- 23) Nggadhahi raos teteg *relevan* minangka piwulang tumprap calon legeslatif ingkang nengenaken kekiyatan gaib boten menang dados legeslatif
- 24) Mujudaken tentrem *relevan* minangka piwulang tumprap kebijakanipun Bupati Sukaharjo damel boten tentrem pedagang *Ir Soekarno* saha *relevan* minangka piwulang tumprap tindak-tanduk kades ingkang ngancem karyawan pabrik rokok
- 25) Ngormati wanita *relevan* minangka piwulang tumprap kades ingkang salah satunggal warganipun minangka wanita nistha saha *relevan* minangka piwulang tumprap tindak-tanduk Wali Kota Magelang ingkang kapanggihaken nggadhahi wanita sengeran dening garwanipun
- 26) Manjing ajur ajer *relevan* minangka piwulang tumprap *kepemimpinan* Wali Kota *H. Rukmini* ingkang kirang

dipunraosaken dening masyarakat andhap.

- 27) Tapa selira *relevan* minangka piwulang tumrap Kepala Dinas Perindustrian dan Perdagangan Sukaharjo ingkang boten perduli kaliyan kawontenan ingkang dipunraosaken dening para pedagang ing peken *Ir Soekarno* Sukaharjo

### KAPUSTAKAN

- Amir, Hazim. 1994. Nilai-nilai Etis Dalam Wayang. Jakarta : Pustaka Sinar Harapan
- Damono, Sapardi Djoko. 1979. *Sosiologi Sastra: Sebuah Pengantar*. Jakarta: Pusat
- Eko, Marsudi . 1998. *Kepemimpinan Pancasila Suatu Eksplorasi*. Solo: Pilar Daya Ratma.
- Endraswara, Suwardi. 2013. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: CAPS (Center for Academic Publishing Service).
- .2006. *Budi Pekerti dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: PT Hanindita Graha Widya.
- . 2013. *Falsafah Kepemimpinan Jawa*. Jakarta: Narasi (anggota IKAPI).
- . 2012. *Pedoman Sosiologi Studi Sastra*. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY
- Hadiatmaja, Sarjana. 2011. *Etika Jawa*. Yogyakarta: Grafika Indah
- Hadiatmaja, Sarjana dan Endah, Kuswa. 2010. *Filsafat Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- , 2008. *Pranata Sosial dalam Masyarakat Jawa*. Yogyakarta: Grafika Indah.
- Mulyono, Sri. 1980. *Simbolisme dan Mistikisme dalam Wayang*. Jakarta: Haji Masagung.
- , 1979. *Wayang dan Karakter Manusia*. Jakarta: PT. Gunung Agung.
- Nanang saha kanca-kanca.2010. *Pedoman Pewayangan Berperspektif Perlindungan Saksi dan Korban*. Jakarta: Lembaga perlindungan saksi dan korban
- Nurgiyantoro, Burhan. 1998. *Transformasi Unsur Pewayangan dalam Fiksi Indonesia*. Yogyakarta: Universitas Gajah Mada Press.
- Purwadi. 2009. *Etika Jawa*. Yogyakarta: Pura Pustaka Yogyakarta
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J. B Wolters Uitgevers Maatschppij N.V
- Sastroamidjojo, Seno. 1964. *Renungan tentang Pertunjukan Wayang*. Jakarta: Kinta.
- Sujamto. 1992. *Refleksi Budaya Jawa dalam Pemerintahan dan Pembangunan*. Semarang: Dahara Prize.
- Sunindhia, Ninik. 1988. *Dalam Kepemimpinan Dalam Masyarakat Modern*. Jakarta: PT Bina Aksara.
- Zuchdi, Darmayati. 1993. *Panduan Penelitian Analisis konten*. Yogyakarta: Lembaga Pendidikan IKIP Yogyakarta.